दिन–बुध दिनांक–22.05.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक छठम चरणक लेल प्रचार अभियान अंतिम दौर मे अछि। एहि चरणक लेल प्रचार काल्हि सांझ धरि समाप्त भऽ जायत। छठम चरण मे राज्यक आठ संसदीय क्षेत्र–वाल्मीकिनगर, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, वैशाली, गोपालगंज, सीवान आ महाराजगंज संसदीय क्षेत्र मे पच्चीस मई कऽ मतदान होयत। एहि चरण मे पूर्व केन्द्रीय मंत्री आ सांसद राधामोहन सिंह, पूर्व भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय जायसवाल, लवली आनन्द, जर्नादन सिंह सिग्रीवाल, पूर्व विधानसभा अध्यक्ष अवध बिहारी चौधरी, हिना शहाब सहित नवासी उम्मीदवारक प्रतिष्ठ दाव पर अछि। विभिन्न दल आ गठबंधनक स्टार प्रचारक आ वरिष्ठ नेता लोकनि प्रचार मे अपन पूरा ताकत लगा देलनि अछि। राजदक वरिष्ठ नेता आ पूर्व उपमुख्यमंत्री तेजस्वी प्रसाद यादव आइ वैशालीक बरूराज, सीवानक दरौली, गोपालगंजक जादोपुर, पश्चिम चंपारणक सुगौली आ शिवहरक चिरैया मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। एहि दरमियान वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी सेहो उपस्थित छलाह। एम्हर, भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी, उपमुख्यमंत्री विजय सिन्हा सहित पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता एनडीए प्रत्याशी के समर्थन मे विभिन्न स्थान पर जनसभा के सम्बोधित कयलनि।

---

भाजपा काराकाट संसदीय क्षेत्र सँ निर्दलीय प्रत्याशीक रूप मे चनाव लड़ि रहल भोजपुरी अभिनेता पवन सिंह के पार्टी सँ निष्कासित कऽ देलक अछि। पार्टी पत्र जारी कऽ जनौलक जे काराकाट संसदीय क्षेत्र सँ एनडीएक आधिकारीक प्रत्याशी राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा के विरूद्ध चुनाव लड़बाक कारणे ई कार्रवाई कयल गेल अछि। ध्यातव्य अछि जे पवन सिंह के पार्टी पश्चिम बंगालक आसनसोल सँ उम्मीदवार घोषित कयने छल मुदा पवन सिंह आसनसोल सँ चुनाव लड़बा सँ मना कऽ देबाक बाद ओ काराकाट सीट सँ निर्दलीय उम्मीदवारक रूप मे अपन नामांकन दाखिल कऽ देने छलाह।

---

निर्वाचन आयोग भाजपा अध्यक्ष जेपी नड्डा आ कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे के निर्देश देलक अछि जे ओ पार्टीक स्टार प्रचारक सभ के भाषण मे आदर्श आचार संहिताक उल्लंघनक के लऽकऽ सतर्क करथि। आयोग अपन निर्देश मे जनौलक जे पार्टी प्रमुख अपन नेता सभ कँ भड़काउ भाषण आ अनर्गल बयानबाजी सँ बचबाक लेल औपचारिक नोट जारी करथि। आयोग दूनु दल प्रमुख सभ सँ कहलक जे चुनाव अभियान मे देशक समग्र आ संवेदनशील ढांचा के नोकसान पहुँचबएवला कोनो वक्तव्य नहिं हेबाक चाही। आयोग प्रचारक आ उम्मीदवार सभ कँ चुनाव अवधिक दरमियान शिष्टाचार बनाओल रखबाक निर्देश देलक अछि। ध्यातव्य अछि जे किछु समय पहिने दूनु प्रमुख दल आयोग के शिकायत कयने छल जकर उत्तर मे चुनाव आयोग निर्देश जारी कयलक अछि।

---

छपरा मे दू राजनीतिक दलक समर्थक सभक मध्य भेल हिंसक झड़प आ गोलीबारीक मामिला मे चुनाव आयोग सारणक जिलाधिकारी सँ रिपोर्ट मंगलक अछि। संगहि, कोनहुँ अप्रिय स्थिति सँ निपटबाक लेल पूरा क्षेत्र मे केन्द्रीय बल के तैनात रखबाक निर्देश देल गेल अछि। संवेदनशील स्थान सभ के चिन्हित करैत रैपिड एक्शन फोर्स आ सीआरपीएफ के तैनाती कयल गेल अछि। पूरा इलाका मे इंटरनेट सेवा काल्हि धरिक लेल बंद कऽ देल गेल अछि। यद्यपि अद्यतन जानकारीक अनुसार क्षेत्र मे शांति बनल अछि।

---

छपरा मे इंटरनेट सेवा बंद होयबाक कारणे चारि केन्द्र पर आइ आ काल्हि होबयवला शिक्षक पात्रता परीक्षा एसटीईटी रद्द कऽ देलक अछि। बिहार विद्यालय परीक्षा समिति एहि सम्बन्ध मे आदेश जारी कऽ देलक अछि। परीक्षा आयोजनक तिथि बाद मे जारी कयल जायत।

---

महात्मा बुद्ध के दू हजार पाँच सय अड़सठिम जयंती समारोहक अवसर पर काल्हि ज्ञान स्थली बोधगया मे विशेष समारोहक आयोजन कयल जायत। एहि अवसर पर महाबोधि

मंदिर बिहार के पंचशील झंडा आ रंग–बिरंगक रोशनी सँ सजाओल गेल अछि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर समारोह मे मुख्य अतिथिक रूप मे सम्मिलित होयताह।

———————————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक अधिकतर भाग मे मौसम सामान्य बनल अछि। एम्हर, पूरबा हवाक प्रभाव सँ राज्यक उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पूर्व भाग मे कतेको ठाम हल्का सँ मध्यम वर्षा भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पूर्णियां मे सभ सँ बेसी छियानवे दशमलव चारि मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला पाँच दिन धरि राज्यक विभिन्न भाग मे हल्का सँ मध्यम स्तरक वर्षाक परिस्थिति बनल अछि। ओतहि, राज्यक उत्तर–पूर्वी भाग मे किछु ठाम मेघगर्जन, वज्रपात आ तेज हवाक संग हल्का वर्षाक संभावना अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।